QARAQALPAQ TIL BILIMINIŃ AKTUAL MÁSELELERI
RESPUBLIKALÍQ ILIMIY-TEORIYALÍQ KONFERENCIYA

# STUDENTLERDE SÓYLEW MÁDENIYATÍ HÁM ORATORLÍQ QÁBILETIN RAWAJLANDÍRÍWDÍŃ NÁTIYJELI USÍLLARÍ

**Mexriban Abatova**
*Ájiniyaz atındaǵı pedagogikalıq institutı assistent oqıtıwshı*

DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.17704345

***Annotaciya:*** *Bul maqala studentlerdiń oratorlıq kompetenciyasın rawajlandırıwǵa qaratılǵan metodikaǵa baǵıshlanǵan. Maqalada interaktiv shınıǵıwlar, psixologiyalıq treningler, noverbal baylanıs hám logikalıq pikirlew usılların óz ishine aladı. Maqala oqıw procesinde sheshenlik kónlikpelerin rawajlandırıw boyınsha ámeliy usınıslar beredi.*
***Tayanısh sózler:*** *Oratorlıq kompetenciyası, studentler, oqıw metodikası, kópshilik aldında sóylew, interaktiv shınıǵıwlar, psixologiyalıq tayarlıq, noverbal baylanıs, bilimlendiriw.*

***Аннотация***: *Данная статья посвящена методике, направленной на развитие ораторской компетенции студентов. Статья включает в себя интерактивные занятия, психологические тренинги, невербальное общение и методы логического мышления. В статье приводятся практические рекомендации по развитию ораторских навыков в учебном процессе.*
***Ключевые слова***: *Ораторская компетенция, студенты, методика обучения, публичные выступления, интерактивные занятия, психологическая подготовка, невербальное общение, образование.*

***Abstract***: *This article is dedicated to the methodology aimed at developing students' oratory competence. The article contains interactive lessons, psychological trainings, nonverbal communication, and methods of logical thinking. The article provides practical recommendations for developing oratory skills in the learning process.*
***Keywords***: *Oratory competence, students, educational methodology, public speaking, interactive exercises, psychological preparation, nonverbal communication, education.*

Respublikamızda sońǵı jılları joqarı bilimlendiriwdiń sapasın arttırıw, studentlerdiń kásiplik-pedagogikalıq tayarlıǵın, oqıw-tárbiya jumısın jetilistiriw, oqıtıwdıń nátiyjeliligin arttırıw usılların kúsheytiw, bilimlendiriwdiń hár bir basqıshındaǵı maqsetti anıq belgilew, bilimlerdi múmkinshiligi bolǵan dárejede tolıq iyelewdiń mexanizmlerin islep shıǵıw tiykarları engizilmekte. Tiykarınan, joqarı bilimlendiriw sistemasında shet tillerin, sonıń ishinde studentlerdiń oratorlıq kompetenciyasın rawajlandırıwǵa qaratılǵan texnologiyalar járdeminde oqıtıwdı xalıqaralıq ulıwma Evropa standartları sheńberinde shólkemlestiriw hám bahalawǵa ayrıqsha itibar qaratılmaqta.

Zamanagóy bilimlendiriw sistemasında studentlerdiń oratorlıq kompetenciyasın rawajlandırıw áhmiyetli wazıypa esaplanadı.

Oratorlıq ónериniń jaqsı rawajlanıwı tek ǵana onı úyretiw metodikası menen emes, al bul kónlikpeni qalay anıqlaw, bahalaw hám analizlew menen úzliksiz baylanıslı bolıp esaplanadı. Biraq, oratorlıq kompetenciyasınıń rawajlanıw dárejesin anıqlawshı standart

diagnostikalıq usıllar elege shekem jeterli dárejede islep shıǵılmaǵan. Bul bolsa zamanagóy pedagoglar aldında áhmiyetli wazıypanı – studentlerdiń oratorlıq qábiletin nátiyjeli bahalaw sistemasın jaratıwdı qoyadı.

Sheshenlik kónlikpesi - bul pikirdi anıq, logikalıq hám tásirsheń bayan etiw, kópshilik aldında sóylew hám qatnasıqta ózine isenim menen múnásibette bolıw qábileti. Bul kónlikpeler studentlerge tek ǵana oqıw procesinde emes, al kásiplik jumısta hám jeke ómirde de tabısqa erisiwge járdem beredi. Usı maqalada studentlerdiń sheshenlik kompetenciyasın rawajlandırıwǵa qaratılǵan metodika islep shıǵıldı.

Izertlewshi M.M.Musurmonqulova ádebiyat oqıtıwda studentlerdiń sheshenlik hám óz betinshe pikirlew kónlikpelerin rawajlandırıwǵa qaratılǵan kreativ kózqaraslarǵa tiykarlanǵan. Ol óz izertlewinde mashqalalı lekciyalar, case-study hám didaktikalıq materiallardan paydalanıp, studentlerdiń sóylew mádeniyatın arttırıw usılların islep shıqqan. Biziń pikirimizshe, mashqalalı lekciyalar, case-study hám didaktikalıq materiallardan paydalanıp islep shıǵılǵan kreativ kózqaras studentlerdiń sóylew mádeniyatın arttırıwda nátiyjeli esaplanıp, bilimlendiriwdiń sapasın jaqsılawǵa xızmet etedi hám filologiya tarawında keńnen qollanılıwı múmkin.

Studentlerdiń sheshenlik kompetenciyasın bahalaw ushın tómendegi usıllar arqalı gipoteza qılınadı.

| ***STUDENTLERDIŃ ORATORLÍQ KOMPETENCIYASÍN BAHALAW*** | |
|---|---|
| ***Sóylew sıpatın bahalaw*** | *Ekspertler tárepinen studentlerdiń prezentaciyaları 5 ballıq shkala tiykarında bahalanadı (anıqlıq, tásirsheńlik, strukturalıq hám noverbal elementler).* |
| ***Sorawnama*** | *Studentlerdiń ózine isenimi hám sheshenlik penen baylanıslı qorqınısh dárejesin anıqlaw ushın anketa ótkeriledi.* |
| ***Dıqqat*** | *Sabaqlar procesinde studentlerdiń pikirlesiw aktivligi baqlanadı.* |

Izertlew nátiyjeleri boyınsha, arnawlı islep shıǵılǵan metodika studentlerdiń sheshenlik kompetenciyasın rawajlandırıwda joqarı nátiyjelilikke iye. Interaktiv shınıǵıwlar hám psixologiyalıq treningler oqıwshılardıń ózine isenimi hám sóylesiw qábiletin arttırıwda áhmietli rol atqardı.

Sonıń menen bir qatarda, noverbal elementlerge itibar beriw sóylewdiń tásirsheńligin arttırdı, bul bolsa auditoriya menen jaqsıraq baylanısıw imkaniyatın beredi.

Sabaq barısında studentlerdiń sóylew sheberligin asırıw hám analizlew ushın tómendegishe usıllardan paydalansaq boladı:

1. Turaqlı shınıǵıwlar: Sheshenlik kónlikpelerin rawajlandırıw ushın turaqlı rolli oyınlar hám prezentaciyalar ótkeriw.
2. Psixologiyalıq tayarlıq: Studentlerdiń kópshilik aldında sóylewden qorqıwın kemeytiw ushın arnawlı treningler shólkemlestiriw.

3. Texnologiyalardan paydalanıw: Videokórinis hám virtual reallıq quralları arqalı studentlerdiń sóylew sapasın analizlew.

4. Individual qatnas jasaw: Hárbir studenttiń sóylew dárejesine qarap jeke sabaq rejelerin islep shıǵıw.

Oratorlıq kompetenciyasın bahalaw kriteriyaları anıq belgilengende ǵana tálimdegi procesi nátiyjeli boladı. Mazmun, fonetika, grammatika, emocionallıq ańlatıw hám auditoriyalar menen baylanıs sıyaqlı kriteriyalar bul kompetenciyanı hár tárepleme úyreniw imkaniyatın beredi. Sonıń menen bir qatarda, diagnostikalıq usıllardıń durıs tańlanıwı – bahalaw procesin obyektiv, puxta hám isenimli qıladı. Ásirese, gúzetiw, videobaqlaw analizi, ballıq sistema, soraw-juwap, básekilesiw sıyaqlı túrli usıllardı komplekslik qollaw studentlerdiń sóylew sheberligin tereń analiz etiwge imkan beredi.

Juwmaq sıpatında, studentlerdiń oratorlıq kompetenciyasın rawajlandırıw ushın nátiyjeli metodikanıń bar ekenligin aytıp ótiwimiz múmkin. Metodika interaktiv, psixologiyalıq hám noverbal elementlerdi óz ishine alıp, studentlerdiń sóylew sapası hám ózine isenimin arttırıwǵa xızmet etedi. Keleshekte bul metodikanı basqada bilimlendiriw orınlarına sińdiriw hám onıń uzaq múddetli nátiyjeliligin úyreniw usınıs etiledi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 28-yanvardaǵı «2022-2026-jıllarǵa mólsherlengen Jańa Ózbekstannıń rawajlanıw startegiyası haqqında»ǵı PF-60-sanlı nızamı .
2. Seytkasimov D. Filolog-studentlerdiń lingvistikalıq kompetenciyasın rawajlandırıw metodikası (Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı studentleri mısalında)
3. Pedagogika fanlari doktori (DSc) dissertatsiyasi. Avtoreferati. Nukus – 2023. 72 b
4. Мусурмонкулова М.М. Креатив ёндашув асосида ўқитишнинг дидактик таъминотини яратиш механизмлари // Мактаб таълими, 2018. №4. –С. 56-61.
5. Туракулова О. Адабиёт ўқитишда ўқувчиларни мустақил фикрлашга одатлантиришнинг методик усуллари // Мактаб таълими, 2018. 48-б.